



Gason



Fanm



Etewoseksyèl



Gason makòme



Bi-Seksyèl



Bi-Seksyèl



Gason makòme



Transjan



Transjan

PrEP TÈT OU KONT VIH.



Pwofilaksi anvan yon moun ekspoze oswa PrEP se yon grenn moun pran chak jou pou yo kapab redui enkyetid yo pou yo pran VIH.

PrEP se pou moun ki entèlijan sou VIH

Ou ka vle konsidere PrEP si ou:

- yon gason makòmè oswa yon gason biseksyèl
- yon fanm transjan ki fè sèks avèk gason
- nan yon relasyon avèk yon patnè ki gen VIH
- yon moun ki fè sèks san kapòt avèk anpil patnè.

Enfòmasyon sou PrEP

- Tès HIV fèt anvan ou kòmanse PrEP paske PrEP la sèlman pou moun ki pa gen VIH.
- Ou kapab jwenn èd pou reyaksyon negatif si ou genyen yo.
- PrEP lakòz ou wè pwofesyonèl swen sante ou omwen chak twa (3) mwa pou resevwa yon nouvo preskripsyon epitou pou fè tès siplemantè pou VIH/STD.
- Anpil plan asirans, tankou Medicaid, garanti PrEP. Èd ka disponib tou si ou pa gen asirans oswa si kopeman ou oswa franchiz ou twò wo.

Si ou kòmanse pran PrEP

- Li enpòtan pou pran medikaman an chak jou.
- Kapòt bay pwoteksyon siplemantè kont enfeksyon moun pran nan fè sèks.
- Pwofesyonèl swen sante ou disponib pou diskite sou lòt fason pou pwoteje tèt ou.

Fè yon etap enpòtan pou redui enkyetid ou konsènan VIH.

Mande yon pwofesyonèl medikal enfòmasyon sou PrEP.

Pou jwenn lòt enfòmasyon sou PrEP, tankou yon anyè pwofesyonèl medikal ki preskri PrEP, ak enfòmasyon sou resous yo pou peye pou PrEP, rele nimewo **1-800-541-AIDS** pou Anglè, **1-800-233-SIDA** pou Panyòl, oswa ale sou sitwèb www.health.ny.gov/PrEP.



www.health.ny.gov/PrEP



Department
of Health